



Pale Pou Evite Enfeksyon

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Kisa ou ka fè pou ede anpeche enfeksyon?

- 1) Netwaye men ou jis rive nan koud ou.
 - Sèvi ak dezenfektan pou men ki fèt ak alkòl.
 - Sèvi ak savon ak dlo si men ou parèt sal.
 - Toujou lave men w anvan w antre oswa soti nan chanm pitit ou a, anvan w manyen oswa kenbe pitit ou a, ak manje avèk pitit ou a oswa bay pitit ou a manje.
 - Evite zong long oswa dekorasyon zong, sa yo se kote mikwòb kache.
 - Evite mete rad oswa bijou anba koud ou lè w ap vizite pitit ou a.
 - Toujou lave men w apre w fin manyen aparèy pèsònèl tankou telefòn selilè, chanje kouchèt, touse, etènne, oswa mouche nen w, ak fin itilize twalèt la.
- 2) Fè founisè swen yo sonje pou yo netwaye men yo.
 - Menm moman yo antre nan chanm pitit ou a.
 - Anvan ak apre yo fin manyen pitit ou a.
- 3) Eseye pa manyen tib oswa fil yo lè w kenbe pitit ou a.
- 4) Tanpri rete lakay ou si ou pa santi w byen. Si ou santi w dwe vizite li, pale ak enfimyè pitit ou a anvan ou antre nan chanm nan. Yo ka mande w mete mask pandan vizit ou a.



Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.